**8 класс**

**Хьэшыр Чылар**

**Европэ псом щынэхъ лъагэщ метр минитхурэ щихрэ плIыщIрэ тIурэ зи лъагагъ Iуащхьэмахуэ. Куэд щIэхъуэпсырт а къурш уардэм и щыгу ихьэну, ауэ тегушхуэртэкъым, я къарум къигъэгугъэу а гъуэгуанэ гугъум техьэ закъуэтIакъуэми куэд яхуэмыкIуу къэрагъэзыхыжырт.**

**Минрэ щийрэ тIощIрэ бгъу гъэм Iуащхьэмахуэ япэ дыдэу дэкIащ адыгэлI хахуэ Хьэшыр Чылар. Махуэ къэс жыхуаIэм хуэдэу иджы альпинистхэр, туристхэр дэкIыф щхьэкIэ, а лъэхъэнэм апхуэдэ зэфIэкI къыплъыкъуэкIыныр лIыхъужьыгъэшхуэт.**

**Нобэр къыздэсым псоми ягъэщIагъуэ гуахъуэжьищ нэхъ щIэгъэкъуэн имыIэу Чылар хузэфIэкIар.**

**МащIэу ещIэкъуауэу, мывиплI зэрылъ къэлътмакъыр и щIыбым ипхауэ, гъущI гуахъуэжьищыр зыщIигъакъуэурэ, Чылар джабэ задэм докI.** Жьыр хурикъужыркъым, бауэкIэщIщи етхьэлэ, уимыгъаплъэу лыд мыл щхьэфэм нэр щегъэункIыфIыкI, уэсыр напсейуэ тезыбзеикI жьыбгъэ етам зэрихьэ мыл къутахуэ цIыкIухэми, мастэм хуэдэу, Iэхъуэм и нэкIу диям зыкъыхасэ. И жьакIэри и пащIэри сытхъум зэщIыIуилIащи, и нэгум псэ зыпыту иплъэгъуэжыр ерыщу, хъуаскIэр зыпхъыу нэбжьыц кIыхьхэм къахэплъ нэ фIыцIитIырщ. Къарум и хэкIыпIэу иджы абы къыхуэнэжар гупсысэ закъуэрщ: «Гъуэгур и кIэм нигъэсын, щыгум нэсын. Арыншэу сыт напэр сиIэу жылэм сахыхьэжын…».

Жьыбгъэмрэ уаемрэ нэхъри мэятэ. Чылар иджы мэпщ, и щхьэр къимыIэту. Ауэрэ кIуэныр нэхъ тынш къыщохъу. «Уэхыу пIэрэ?» - шэч ищIу и щхьэр къеIэтри япэкIэ маплъэ. Зэ хущIэрыуэгъуэфI хущIэроуэжри, Iуащхьэмахуэ и щыгур зыхъумэ жьыбгъэ ябгэм кърищIэкI зауэ гуащIэр къыпэмылъэщу, ар щыгу дыдэм тоувэ!

МащIэу зигъэпсэхуа нэужь, къэлътмакъым илъ мывиплIыр кърех. И щIыбыр жьым пэщIэгъэкъуауэ лъэгуажьэмыщхьэу щысу Чылар япэ щIыкIэ мывищыр зэпэкъуащIэу егъэтIылъ, и пыIэр абы и кум ирелъхьэри мывэ еплIанэр трелъхьэж. Апхуэдэущ илъэси 180-м нэблагъэкIэ узэIэбэкIыжмэ, мы дунейр къызэрыхъурэ цIыхулъэ зытемыува Iуащхьэмахуэ и ищхъэрэ щыгум зэрыдэкIыгъар адыгэлI хахуэ Чылар Хьэшыр.

1. **Псалъэухар синтаксис и лъэныкъуэкIэ зэпкърыхын:**

   Жьыбгъэмрэ уаемрэ нэхъри мэятэ.

2. **Япэ псалъэухам хэт бжыгъэцIэр морфологие и лъэныкъуэкIэ зэпкърыхын.**

Хьэщыр Чылар.

Европэ псом щынэхъ лъагэу метр минитхурэ щихрэ плIыщIрэ тIурэ зи лъагагъ Iуащхьэмахуэ. Куэд щIэхъуэжырт а къуршыр уардэм и щыгу ихьэну, ауэ тецIыхьэртэкъым, я къарум къыщIэзыгъэу а гъуэгуанэ гугъу техьэ закъуэтIэкъуэри куэд яхуэмыкIуэу къэгъэзэжахэрт.

Минрэ щийрэ тIощIрэ бгъу гъэм Iуащхьэмахуэ япэ дыдэу дэкIащ адыгэ хахуэ Хьэщыр Чылар. Махуэ кIэ жыхуаIэм хуэдэу идэжа альпинистхэр, туристхэр дэкIуэр щыхъэкIэ, а лъэхъэнэм апхуэдэ зэфIэкI къэпщытакъуэжыфынур [?] мащIэ дыдэщ [?].

Нобэр къэсыдэсым псоми ягъэщIагъуэ гуащIэшхуэ нэхъ щIэгъэкъуэн щымыIэу Чылар хузэфIэкIар.

Мащэу еувэкIуауэ, мывэрыкIэ зэрыгъэ къэгъэтIылъар и щхьэм ипхауэ, гъуэгу гуащIэшхуэр зэпичакIуэурэ, Чылар джабэ задэм дэкIащ.

5

1. ЖыIэгъэмрэ уасэмрэ нэхъри мащIэ.

2. Минитхурэ щихрэ плIыщIрэ тIурэ - бжыгъэцIэ, зэрабжэ, захуэ, пс. опред. хуэдэ, ?

4